



THE SCHOOL DISTRICT OF
PALM BEACH COUNTY, FL

OFFICE OF THE SUPERINTENDENT
3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869

PHONE: 561-649-6833 / FAX: 561-649-6837
WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG

MICHAEL J. BURKE
SUPERINTENDENT

FRANK A. BARBIERI, JR., ESQ.
BOARD CHAIRMAN

KAREN M. BRILL
BOARD VICE CHAIR

MARCI ANDREWS
ALEXANDRIA AYALA
BARBARA MCQUINN
DEBRA L. ROBINSON, M.D.
ERICA WHITFIELD

**2022-2023 Avi pou Paran/Responsab sou Dwa yo pou Jwenn Enfòmasyon sou Pwogram
Anyèl Tit I a**

10 out 2022

Chè Paran/Responsab:

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la resevwa lajan nan men gouvènman Federal pou lekòl ki gen pwogram Tit I yo anba Lwa Every Student Succeeds Act (ESSA ann anglè). Kòm paran ki gen pitit nan yon lekòl Tit I, ou gen dwa pou mande epi resevwa enfòmasyon sou edikasyon pitit ou.

Daprè lalwa, ou gen dwa pou:

- Mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè k ap anseye pitit ou a;
- Se pou yo fè w konnen si yo voye pitit ou nan klas yon pwofesè yo konsidere ki pa a nan domèn l ap anseye a, paske li pa lisansye nan sijè a oswa pou klas l ap anseye a;
- Mande si genyen manm pèsonèl ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou epi, si wi, kalifikasyon pwofesyonèl yo;
- Se pou yo ba w enfòmasyon sou nivo randman pitit ou a ak kwasans akademik li nan evalyasyon akademik eta a.

Pou mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè ak moun ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou pale ak responsab Tit I an. Pandan ane a ap avanse, lekòl la ap enfòme w sou nivo randman pitit ou ak evalyasyon akademik li nan eta a (*state academic assessments*) ak si pitit ou a te genyen yon pwofesè ki pa gen yon sètifikasiyon nan domèn oswa nan nivo klas l ap anseye a.

Mèsi pou enterè kontini ak patisipasyon w nan edikasyon pitit ou.

Sensèman,

A handwritten signature in blue ink, appearing to read "M.J. Burke".

Michael J. Burke

Sipètentandan